Маршо Радио

View the original article

КЕРЛАНАШ

# ООН-н леррина докладхо бехкейина нохчийн омбудсмено "террорхошкахьа гIо дахарна"

Гезгмашин-бутт 29, 2026



Солтаев Мансур а, Кадыров Рамзан а. Архивера сурт

Нохчийчуьра адамийн бакъонаш Iалашйан векал вина Солтаев Мансур вистхилла Оьрсийчуьра нехан бакъонашца долчу хьолах лаьцна ООН-н лерринчу докладхочо Кацарова Марианас динчу дIахьедаран хьокъехь. Цо бехкейина иза "террорхой Iалашбарна" а, Iедалхошна дуьхьал питанаш лелорна а. Дозанал арахьара нохчийн диаспорана Iедалхой тIаьхьабийларх лаьцна хаамаш зорбане баьхнера Кацаровас.

Солтаевс дIахьедина, ООН-н рапортехь "цIий Iенош, лелийначу зуламашна тIехула лехамашкахь болу террорхой а, кхинболу зуламхой а цIанбан хьийза" аьлла. Ша буьйцучу нехан цIераш ца йаьхна омбудсмено.

Пачхьалкхо дозанал арахьа Кремлан критикаш хьийзоран системина коьрта тидам тӀебохуьйтучу цу рапортехь къаьстина дакъа лерина ду Нохчийчоьнан куьйгалхочун Кадыров Рамзанан Ӏедало лелийначунна. Цу тӀехь билгалдаьккхина ду, Нохчийчоьнан Ӏедалша кху тӀаьхьарчу ткъа шарахь лелийнарг йерриг а диаспорина дуьхьал хьажийна хилар, шайна йукъахь царна тӀехь терго латтор а, агенташ йукъабалор а, Оьрсийчохь бисинчу гергарчарна дуьхьал ницкъ бар а долуш И дерриг а федералан Ӏедалшца йукъахь барт а болуш лелош ду аьлла Кацаровас.

МогӀарера хӀума санна ду къайлахчу сервисийн белхахоша даймахкара дӀабахначийн гергарчарна кхерамаш тийсар а, церан цӀа эхар а, цаьргара бахам схьабаккхар а, мобилизаци йарна а, божаршна дуьхьал бехкзуламан гӀуллакхаш дахарна а лаьттта кхерам, аьлла ду документа тӀехь.

Оцу тайпа нах хьийзор бакъдеш масалашна хьахийна Оьрсийчоьнан дехарца Казахстанехь лаьцна латтош волу Мовлаев Мансур, байъина Нохчийчоьнан урхалхочун критикаш Хангошвили Зеламха а, Исраилов Ӏумар а, Алиев Ӏимран а, Умаров Мамихан а, ишта Абдурахманов Тумсона дина хилла тӀелатар а.

- Хьалхо Солтаев Мансура дӀахьедира, Къилбаседа Кавказера зударий дукха лерина Ӏалашбеш бу, йукъараллехь уггар а лакхара тӀегӀа цара дӀалоцуш хиларх а. Иштта цо кест-кеста дӀахьедо Нохчийчуьра бахархойн маршонаш а, бакъонаш а Ӏалашйеш хиларх. Ткъа бакъонашларйархоша нах лечкъабо, къайлахчу набахтешкахь латтабо, бертаза Украинерчу тӀаме хьийсабо, "сий лардеш" зударий байъар а Малхбален къайлахчу сервисийн питанаш ду бохура цо.
- 2023-чу шеран зазадокху-баттахь Солтаевс "Хьакъ волу Нохчийчоьнан бакъонашларйархо" аьлла, мидал йелира Кадыров Рамзанна. Иза дукхазза бехкевира республикера а, дозанал арахьара а адамийн бакъонаш талхорна. Бакъонашларйархоша цунна тӀехь дуьту, шена критика йеш болу нах лечкъорах а, хӀаллакбарх а жоьпалла.

**Керланаш**

Маршо Радио © 2026 RFE/RL, Inc. Ерриг бакъонаш ларъйеш ю